RÉEWUM SENEGAAL
Wenn Askan - Benn Jëmu - Benn Ngëm

Njëwriñ ji ñu ndénk wàllu Jigeen ñi, gu Njaboot gi ak gu Xale yi

AGENZIA ITALIANA PER LA COOPERAZIONE ALLO SVILUPPO

Version Wolof

DÉGGOO GI AJU CI JËLE FI GÉPP
XEETU BODDI GU JËM CI JIGEEN

ÑUMM

Ubbite Soxna Mariyaama SAAR,
Jëwriñ ji yor Jigeen ñi, Njaboot gi ak Tuut-tànk yi 5

Réew yi mànkoo ci Déggoo gii 6

Yemale Góor ak Jigeen ci jot dara 8

Jële fi boddi gu jëm ci jigeen ñi 9

Taxawal kiiraayu yoon ngir aar àqu jigeen ñi yemale leen ak góor ñi 9

Jële fi boddi gu kenn nit, mbaa genn kureel,
mbaa bërëbu liggeeyukaay di def jigeen ñi 9

Taxaw ci suqalikug jigeen ñi ak seenug yokkute
ngir fexe ba ñu jëfe àq ak yelleefi doom-aadama te ñu jariñu ci 10

Matuwaay ngir aar njurum doom 10

Jële fi xalaat ak jëfi cosaan yu lalu ci ngënaatlem góor ak jigeen 10

Jële fi mépp njaayum jigeen ak lawalug ligeeyu jànqu bedd 11

Bokk ci gépp palum njiit ak ci bépp laajub baatu askan wi, teg ca mën a falu 11

Yor liggeeyi nguur, def bépp liggeeyi nguur ak nu daraja ji tollu ci àdduna bi 11

Teewal seenum réew ci daraja ju kawe ci àdduna bi te bokk ci liggeeyi kureel yi 12

Jox jigeen ñi sañ-sañ yi góor ñi am jëm ci nasyonaalite xale yi 12

Gindi ci xeeti liggeey yi, jot ci njàng mi ak amug lijaasa
ci jàngukaay yu mu mën a doon, muy ci dëkku taax yi mbaa yu kaw gi 13

Tere gu mën a ànd ak ay daan, dàq gu lalu ci ëmb mbaa am doom di noppalu 15

Boole wareefi njaboot gi ak cér yi ñu dénk ci liggeey bi,
xiir nit ñi ci taxawal ak lawal bërëbi yarukaayu tuut tànk yi 15

Fexe ba jàppandal jumtukaayi paj mi, yemale ci góor ak jigeen 15

Mën a jot ci leblem koppar mi ak abalem xaalis mu jëm ci mbey mi,
ci jumtukaayi njend ak njaay mi, ak ci xarala yu yees yi ñu méngool 17

Am sañ-sañu tànn ni mu la soobe ki nga bëgg a séyal
ak dugg ci néegu séy ni mu la neexe 18

« JËLE FI BODDI GU JËM CI JIGEEN ÑI »

Soxna Mariyaama SAAR
Jëwriñ ji yor Jigeen ñi,
Njaboot gi ak Tuut-tànk yi

UBBITE

Téere bu am solo bii, jéego bu mag la ci yoon wi suñum réew jël ngir wesaare Déggoo gi aju ci jële fi bépp Boddi gu jëm ci jigeen ñi te ñu tëraloon ko ci 18 ci weeru desàmbar atum 1979, ca Ndaje mu mag mu Mbootaayu Xeet yi, Senegal xaatim ko ci atum 1985.

Déggoo gii dafay màndargaal fanweeri ati ligeeyu kureelu nekkinu jigeen ñi, te Mbootaayu xeeti yi samp ko ci atum 1946 ngir muy saytu nekkinu jigeen ñi ak fexee saxal seeni àq ak yelleef. Lu ëpp fanweeri at bañu tëralee déggoo gi ak leegi, 185 réew ci 191 ñoo soobu ci sàmmoonte ak dogal yooyu. Déggoo 30 dog gii bokk na ci dogal yu mag yi aju ci àq ak yelleefi doom aadam yi ñu jël ci àdduna bi.

Dafay fàttali àq yu saxu jigeen ñi, di tekki baatu boodi ci biiri xeet, boole ci tëral benn porogaraam ngir Réew yi ci mànkoo. Ci tënk, Dégggoo gii ëmb na ñatti mbir yu aju ci jigeen ñi, ñuy : àqi yi jëm ci kaaraange bépp njuddu-réem ak taxawaayu jigeen ci wàllu yoon, wàllum njur ak ni aada jàppe diggante góor ak jigeen.

Ci ligeey bii, Jëwriñ ji yor Jigeen ñi, Njaboot gi ak Tuut-tànk yi dafay wone ni liy lal lay gi ñuy layal yemale góor ak jigeen mu ngiy soqeekoo ci lu jaadu. Tekki gi ñu ko tekki ci làññi réew mi dafay yombal yeewug askan wi, rawatena jigeen ñi, ci jumtukaayu yoon bii.

Ligeey bu mel nii ñu def ko ci làmmiñi réew mi, nga xam ni dafay joxe ay tegtal yu leer ci yenn baat yu mel na àq ak yelleefu doom aadam, melo, yemale góor ak jigeen, ñëw na ci waxtoom.

Jumtukaay bu am solo la, bu gaaw ci sottal bëgg-bëggu Nguur gi nga xam ni mooy bépp njuddu-réew, ak sa njàng fu mu man ti tollu nga man a xam baat yi ci Déggoo gi li ñuy tekki ak li ñu ëmb ; Déggoo gi di woote yoonal ak yemale digante góor ak jigeen, cëslaayu gépp yokkute gu sax.

Maa ngi dello njukkal ñi bokk ci tabaxug téere bii, muy mboolo mi ko tekki te seen xam-xam màcc jëm ci làmmiñi réew mi ak Kureelu itali ngiy jàppale ci wallu yokkute te mu duggal loxoom bu baax ci ligeey bi.

Maa ngi woo képp kuy yëngu ci nguur, Kureel yi bokkul ci nguur, ñi ñuy jàppale ci xarala ak koppar, kureeli askan wi, ngir ñu jàpp ci wesaareg téere bii ba mu àgg fépp fu askan wi nekk ci dëkku taax yi ak ci kaw gi.

Fexe bañu xam bu baax àq ak yelleefi jigeen ñi ak yu tuut-tànk yi ba noppi jëfe ko mooy suuxat yokkute gu sax, gu amul xejj ak seen.

Le Ministre
Mariama SARR

RÉEW YI MÀNKOO CI DÉGGOO GII

Jàpp ne Sàrtu Mbootaayu xeet yi biralaat na àtte bi aju ci àq ak yelleef yi ëpp solo yu Doomu aadama, jëm ci ngoram aki baaxam, ci yemale àq ak yelleefi góor ak jigeen,

Jàpp ne Tënk gu mattale gi aju ci àq ak yelleefi Doomu aadama dëggal na ñàkk yemale, siiwal na ni nit ñépp a yem ci juddu, ci àq ak yelleef, mu teg ca ni kenn ku nekk mën na sàkku àq ak sañ-sañ yi ñu wax yépp, ci lu amul xejj ak seen rawatina digante góor ak jigeen,

Jàpp ne Réew yi bokk ci mànkoo gu àddina sépp ànd te aju ci àq ak yelleefi Doomu aadaama dañu war a sàmm yemaleg góor ak jigeen ci doxalug lépp lu aju ci koom gi, askan wi, ccaada ak politig.

Jàpp ni déggoo yi àdduna sépp tënk ndimbalul Kurelu Mbootaayu xeet yi ak Kurel yi màcc jëm ci wàll woowu ngir siiwal yemaleg góor ñi ak jigeen.

Jàpp ne itam tënk yi, biral yi ak digle yi Kurelu Mbotaayu xeet yi taxawal ak yeneen Kurel yi màcc jëm ci wàll woowu ngir wesaare yemaleg góor ñi ak jigeene.

Jaaxle itam ci, ak xeeti jumtukaay yi ñu amal yépp, mi am ba léegi xaayale diggante góor ak jigeen.

Fattali ne ñàkk yemale góor ak jigeen dëppoowul ak sàrti yemaleg yelleef yi ak càmmoonte ngoru doomuaadama, day gàllankoor bokkug jigeen ñi ci politig bi, ci doxalinu askan wi, gu koom gi ak gu ccaada gi ci seenum réew, day jafeel yokkuteg nekkin wu baaxu askan wi ak wu njaboot gi, day tax ba jigeen ñi duñu amal njariñ seenum réew ak àdduna si ci seen mën-mën,

Jaaxle ci ni ci jamonoy ñàkk, jigeen ñi dañuy am jaf-jafe ngir jot ci dund gi, ci paj mi, ci njàng mi, ci tàggat gi ak ci xëy meek pajug yeneen soxla.

Gëm ni taxawalug yoonu koom wu yees wu àdduna sépp te lalu ci tollale ak ci yoon dafay yombal ci lu wóor wesaareg yemale góor ak jigeen.

Fésal ni jële fi bépp boddikonte ci biir xeet, nooteel, gunduxataal, gu poqarñi, mënul ñàkk ngir góor ak jigeen jot seeni yelleef.

Dëggal ne ndëgëralug jàmm ak kiiraayu àdduna sépp, dellu ginnaawug xeex ci àdduna si, lëkkaloog réew yépp ak nu seen doxalinu askan mbaa wu koom tëdde, wéerum ngànnaay yépp rawatina wéerum gànnaay yu bon yi te àddduna sépp di ko bàyyi xel ci anam yu wóor, dëggalug mbirum yoon, gu yemale ak gu njariñ li réew mu nekk di jële ci lëkkaloo ak moroomam, tabaxug.

Yelleefi askan yi nekk ci nooteelug meneen réew ak ci ñàkk moom sa bopp, ak sàmmonteek moom sa bopp ak réew mu xàjjaloowul, dina jur yokkuteg askan wi ak suqaliku gi, te dina tax itam ñu doxal ñàkk a xàjjatle diggante góor ak jigeen.

Gëm ni yokkute gu mat cim réew, nekkin wu baaxu àdduna sépp ak sababu jàmm, dafay laaj bokkug jigeen gu mat sëkk ni ki gu góor ñi ci fànn gu mu mën di doon.

Bàyyi xel ni li jigeen ñi di indi ci nekkin wu baaxu njaboot gi ak ci yokkuteg askan wi, nga xam ni ba leegi nangooguñu ko, am ñariñ gi nekk ci sàmp njaboot ak njariñu wayjur ci njaboot gi ak ci yarum xale yi, ràññee ni wallu jigeen ci njur mi, warul indi ngënaatle, teg ca yarum xale yi dafa laaj góor, jigeen ak askan wi ku nekk bey ci sa waar,

Ñàkk réere mbir ni bu jëkkon, wàllu góor ci njaboot gi ak ci askan wi, dafa war a soppeeku na wu jigeen su ñu bëggee doxal yemaleg góor ak jigeen,

Nangoo jëfe sàrt yi ñu wax ci Tënk gi aju ci jële fi ngënaatle diggante góor ak jigeen, suñu ko bëggee amal, war ñañu jël ay matuwaay ngir dindi fi ngënaatle ak anam yu mu mën di doon

Réew yi déggoo nañu ci liy ñëw :

XAAJ BU JËKK

DOG WU JËKK

Ci njeextalu Déggoo gii, su ñu nee « ngënaatle diggante góor ak jigeen » ñu ngi ci jublu géppp wuutale, boddi mbaa tuutale gu ñu lal ci nekk góor mbaa jigeen, gu jóg ngir nasaxal li ñu nangul jigeen ngir mu jot ak a jëfe àqi doomu caadaama ak sañ-sañ yu am solo ci wàllu politig, koom, dundinu askan, ccaada, njuddu mbaa ci yeneen fànn ak nu mu mën a tollu ci séy.

Dog 2

Réew yi mànkoo ñaawlu nañu ngënaatle diggante góor ak jigeen ci anam yépp, déggoo nañu ci wéyal ak lépp lu mu laaj, ci lu gaaw, doxalin wu fiy jële ngënaatle diggante góor ak jigeen ; tax na ñu soobu ci :

Yemale Góor ak Jigeen ci jot dara

a) Duggal mbirum yemale góor ak jigeen ci ndeyu àtte réew mu ne mbaa ci beneen mattuwaayu àtte, su dee amagul, te sukkandiku ci ay àtte, fexe ñu jëfe ko ;

b) Jël ay matuwaay yu àtte ak yeneen yu dëppook moom ngir tere ngënaatle diggante góor ak jigeen, boole ci ay daan su ko laajee ;

c) Taxawal kaarangeg yoon ñeel yelleefu jigeen ñi ba yemale leen ak góor ñi, ba noppi jëfandikoo ëttu àttekaay yi am sañ-sañ bi ak yeneen Kurel ngir fexe ba duñu boddi jigeen ñi ;

Jële fi boddi gu jëm ci jigeen ñi

d) Bàyyi bépp jëf mbaa doxalin wu jëm ci ngënaatle diggante góor ak jigeen te fexe ba Kilifa yi ak kureli nguur gi sàmmoonte ak wareef woowu ;

e) Jël matuwaay yi war ngir jële fi ngënaatle diggante góor ak jigeen gu nit def mbaa kurel, walla këru ligeeyukaay gu mu doon ;

f) Jël matuwaay yi war yépp ba ci yu àtte ngir indi coppite mbaa dindi bépp àtte, matuwaay yu jaar yoon, cosaan, mbaa doxalin wuy gënaatle góor ak jigeen ;

g) Jële fi bépp daan buy wuy indi ngënaatle diggante góor ak jigeen.

Taxawal kiiraayu yoon ngir aar àqu jigeen ñi yemale leen ak góor ñi

Jële fi boddi gu kenn nit, mbaa genn kureel, mbaa bërëbu liggeeyukaay di def jigeen ñi

Dog 3

Réew yi mànkoo ci déggoo gi dinañu jël matuwaay yi war yépp, ci bépp fànn, rawatina ci wàllu politig, ci dundinu askan wi ak ci caada, ngir saxal suqaliku ak yokkuteg jigeen ñi, ba ñuy jëfe ak jot ci wareefi doomu aadama yi ak ci sañ-sañ yu am solo yu jëm ci yemale leen ak góor ñi.

Dog 4

Jëlug Réew yi mànkoo gi ay matuwaay yu néegandiku yuy gaawal saxalug yemale góor ak jigeen, nekkul lu ñuy jàppe jëfu ngënaatle ni ni ñu ko tekkee ci Déggoo gii, waaye warul tax ba ñu bàyyi fi sàrt yu tolloowul mbaa yu wuute ; sàrt yooyu su ñu amee li ñu bëgg ci yemale am-am yi ak yorin yi, dañu leen fi war a jële.

Taxaw ci suqalikug jigeen ñi ak seenug yokkute ngir fexe ba ñu jëfe àq ak yelleefi doom-aadama te ñu jariñu ci

2. Jëlug Réew yi mànkoo gi matuwaay yu ràññeeku, boole ci yu ñu sóoraale ci déggoo gii, ak yuy aar njurum doom, duñu ko jàppe jëfu ngënaatle.

Dog 5

Réew yi mànkoo dinañu jël matuwaay yi war yépp ngir :

a) Soppi doxalini góor ñi ak jigeen ñi jëm ci askan wi ak caada ngir mën fi jële ñort ak jëfi cosaan mbaa yeneen yu mu mën a doon, yu laalu ci gën a suufeel mbaa gën a kaweel góor mbaa jigeen, mbaa ci cër bu ñu jagleel góor walla jigeen ;

Matuwaay ngir aar njurum doom

Jële fi xalaat ak jëfi cosaan yu lalu ci ngënaatlem góor ak jigeen

b) Fexe ba yarum njaboot gi bokk ci liy xamle ni njurum doom wareefu askan la, te itam fexe ba góor ak jigeen xam ni ñoo ko bokk yar ak yokkuteeg xale yi ; njariñu xale yi moo jiitu lépp.

Dog 6

Réew yi mànkoo dinañu jël matuwaay yi war yépp , boole ci matuwaayu àtte, ngir jële fi, ci anam wu mu mën di doon, njaayum jigeen ñi ak jigée ñiy di jaay seen bopp.

Jële fi mépp njaayum jigeen ak lawalug ligeeyu jànqu bedd

ÑAAREELU XAAJ

Dog 7

Réew yi mànkoo dinañu jël bépp matuwaay ngir dindi ngënaatle gi am diggante góor ak jigeen ñi ci réew mi ak ci wàllu politik, fexe ba yemale leen ak góor ñi ci yelleef :

a) Bokk ci bépp tànneef bu am ci réew mi ak bu ñuy sàkku baatu askan wi, teg ci mën a fallu ci bépp Kurel gu mbooloo di fal ;

Bokk ci gépp palum njiit ak ci bépp laajub baatu askan wi, teg ca mën a falu

Yor liggeeyi nguur, def bépp liggeeyi nguur ak nu daraja ji tollu ci àdduna bi

b) Fekke fu ñuy nase tëralinu nguur gi ak nañu koy jëfe, mën am am ci xéy yi nguur gi di joxe ak bépp ligeey ak nu dayoom tollu.

c) Bokk ci Kurel yi ak mbootaay yi moom seen bopp tey yëngu ci dundu askan wi ak ci politigu réew.

Teewal seenum réew ci daraja ju kawe ci àdduna bi te bokk ci liggeeyi kureel yi

Dog 8

Réew yi mànkoo dinañu jël bépp matuwaay ngir jigeen, ci mbiri yemale góor ak jigeen gu amul xejj ak seen mën a toogal nguur gi ca bitim réew mbaa mu bokk ci ndajey bitim réew yi.

Dog 9

1. Réew yi mànkoo dinañu yemale wareefi góor ñeek jigeen ñi ci lu aju ci jot, soppi mbaa firndeel sa nekkuug njuddum réew. Réew yooyu dinañu aar jigeen ñi rawatina lu jëm ci séyam ak doxandéem, coppite xeetalu jëkkëram cim réew ci biir séyam bañ a indi coppiite, ci saasi, xeetalu jigeen ji ci réew moomee mbaa nu def ko ku dëkkul fenn ba mu war a xeetaloo boppam ci réewu jëkkëram.

Jox jigeen ñi sañ-sañ yi góor ñi am jëm ci nasyonaalite xale yi

2. Réew yi mànkoo dinañu yemale yelleefi jigeen ñi ak góor ñi ci lu jëm ci xeetaale seeni doom am réew.

ÑETTEELU XAAJ

Dog 10

Réew yi mànkoo dinañu jël matuwaay yi war yépp ba dàq xejj ak seen diggante jigeen ñi ak góor ñi ba ñu yemale seen yelleef ci wàllu jàng rawatina ngir sàmmoonte ak yemale góor ak jigeen :

a) Ci nu nu leen di tegtale ci wàllu ligeey, ci nu nuy dale lekool ak ni nuy ame lijaasa ci ekool yi ci bépp fann, ci kaw gi wàlla réew taax yi, yemale googu nu sammoonteeg moom ci bépp xeeti jàng mu nuy def ci réew mi dale ko ci ekooli tuut tànk yi ba daara yu kawe yi ak daara yi nuy waajale ci mece ;

b) Nuy jàngandoo menn jàng mi, di def menn joŋante, di am ay jàngalekat yu xam seen mece ci yépp fànn, di jàng ci bërëb yu sell ak di am jumtukaay yu mucc ayib ;

c) Nu dàq bépp xalaat buy feytale góor mbaa jigeen ciy jëfin wàlla doxalin yu nu leen jagleel ci xeeti jàng mu mu mën a doon tey di leen xiirtal ci jàng mu góor ak jigeen di and di jàng ak bépp fànn jàngaleyin bu mën a maye nu agg ci lii nu bëgg te nu jarale ko ci soppi téere yi ak tërëlin yi ak jàngaleyin yi ;

d) Loolu it nu def ko ci wàllu dimbal yi ak dàmpaay yi nu joxe jàngaan yi ;

Gindi ci xeeti liggeey yi, jot ci njàng mi ak amug lijaasa ci jàngukaay yu mu mën a doon, muy ci dëkku taax yi mbaa yu kaw gi

e) Yemale googu nu def ko ci jàng mu sax mu nu wara tëral ngir ñépp, te nu lawloo ko ba ci jàngum mag ñi ci wàllu alfabetsasiyoŋ ak jàng muy jëm ci mece ngir wàññi dig bi ne diggante góor ñi ak jigeen ñi ci wàllu jàng ;

f) Wàññi limu xale yu jigeen ñi bàyyi ekool ak wut ay pexe ngir taxawu xale yu jigeen ñi teel a génn ekool ;

g) Loolu it nu def ko, ba xale yu jigeen ñi mën a bokk ci bépp xeeti tàggat yaram ;

h) Xale yu jigeen ñi mën a jot ay xibaar yunu tànn ci wàllu jàng te jëm ci wër- gu-yaram ak bànneexu njàbboot gi te xibaar yooyu nu lawloo ko ba ci tegtal yu jëm ci soreel jur .

Dog 11

1. Réew yi mànkoo dinañu jël bépp matuwaay ngir dindi xejj ak seen bumu mën a doon ci diggante jigeen ñi ak góor ñi ci wàllum xëy ngir saxal yemmoo diggante góor ñi ak jigeen ñi ci wàllu àq, rawatina :

a) Ci àqu ligeey ba def ko àq bu sax ci (ñeel) bépp doomu Aadama ;

b) Àqub mën-mën yu nu yemale ci wàllu xëy nu lawloo ko ci yemale leen ni nu leen di jële ci ligeey ;

c) Àqub tànn ligeey bi la soob ak xëy bu nga bëgg, àqu yokkute ci ligeey ba nga ne, ak sax fa, ak ligeey boo mentee def ak seeni nekkin ca boobu ligeey, àqub tàggatu ci xarala ak jonyantiku ci seeni ligeey ak seenum njàng, yokkug xereñ ak tàggat bu sax ci wàllu ligeey ba nuy def ;

d) Àqub pejoor bu yem nu lawloo ko ci ligeey bu nuy def, yemale ci joxe ligeey bu yem gëdda ak yu góor ñi, yemale leen itam ci nanu leen di natte ci seen rafetaayug ligeey ;

e) Àqu aar leen ca seen ligeey ak lanu leen di jox bunu alateretee, bunu ñàkkee ligeey, feebar, tële ak màggat wàlla bépp xeeti ayib bu leen mën a jot ci seen ligeey ak itam àqu noppalu ci ligeey bu and ak peyoor ;

f) Àqu taxawu leen ci wàllu wér-gu-yaram ak kaaraange ca seen ligeey boole ci sàmmoonteeg lu jëm ci wàllu jur.

2. Ngir fagaru ci xejj ak seen bi ñuy teg jigeen ndax seen séy mbaa wasin te nangul seeni yelleef yu dëggu ci wàllu liggeey, réew yi mànkoo dinan jël matuwaay yi war yu jëm ci :

a) Tere, bu mën a ànd ak ay daan, dàq gu ñuy dàq jigeen ci ligeeyam ngir ëmb bumu ëmb, mbaa noppalu bu tukki ci am doom ak xejj ak seen buy jur dàq buñu wéer ci mbirum séy ;

b) Amal noppalu yu tukkee ci wasin te ñu koy fey mbaa amal àqu def lu mel na ngumeen (maanaam yeneen liggeey), ak nangul seen ligeey ba ñu newoon , àqu jot dara lu jóge ci yàggaay gu yàgg ci bërëbu liggeeyukaay bi ;

c) Soññaate ci amal kurel yuy taxawu way-jur yi ngir ñu mën boolee seeni xëy mi ak seeni wareef ci kër gi, duggal seen loxo ci doxaliñu réew mi, ci fexe ba amal ak yaatal kër yiy yor tuut tànk yi ;

d) Aar jigeeni werul yi ci liggeey yi leen mën a lor.

Tere gu mën a ànd ak ay daan, dàq gu lalu ci ëmb mbaa am doom di noppalu

Boole wareefi njaboot gi ak cér yi ñu dénk ci liggeey bi, xiir nit ñi ci taxawal ak lawal bërëbi yarukaayu tuut tànk yi

3. Àtte yi jëm ci aar jigeen ñi ci fànn yi ne ci Dog bii dees na leen yëraat yenn saa yi ci lu dëppook xam-xam yu yees yi ak wàllu xarala ngir yeesal leen, far leen mbaa yaatal leen su ko soxlaa.

Dog 12

Fexe ba jàppandal jumtukaayi paj mi, yemale ci góor ak jigeen

1. Réew yi mànkoo dinañu jël matuwaay yi war ngir dindi bépp xejj ak seen diggante jigeen ak góor ba ñu yemale seen àq ci wàllum paj, ci jumtukaay yi, boole ci li jëm ci soreel njur.

2. Pas-pas yi ci pàcc bii jiitu, terewul réew yi mànkoo war a jox jigeen ñi ci diir bi ñuy ëmb, bu ñuy mucc ak ginnaaw ba ñu wasinee taxawu bi war ci ñoom, bu ñu dul fey dara ak jox leen dund gu sell ci diiru ëmb ak bu ñuy nàmpal.

Dog 13

Réew yi mànkoo dinañu jël matuwaay yi war ngir dindi bépp xejj ak seen ci yeneeni wàll ci seen dund, wàllu koom, ngir yemale jigeen ak góor ba ñu am yem ay àq ci wàllu :

a) Lañuy feyu ngir aar njaboot gi ;

b) Leb ci bank yi, tayle ak ci bépp xeeti bor ;

c) Àqu féexal sa xol, tàggat yaram ak lépp lu aju ci caada.

Dog 14

1. Réew yi mànkoo dinañu bàyyi xel ci jafe-jafe yi jigeeni kaw gi di jànkoonteel ak cër bu am solo bi ñu suqalikug njaboot rawatena seen wàllu liggeey yu leen dul jural koom, dinñu jël matuwaay yi war ngir wéyal pas-pasi déggoo bi ci goxi kaw gi.

2. Réew yi mànkoo dinañu jël matuwaay yi war ngir dindi bépp xejj ak seen bu jëm ci jigeeni kaw gi, ba, ci yemale àqu góor ak jigeen, ñu duggal seen loxo ci suqalikug seen gox, ñu jox leen àqu :

a) Bokk dëgg-dëgg ca nasin ak doxalinu tëralinu suqali seeni gox ci dayo bu mën ti doon ;

b) Mën jot ci paj boole ci xibaar yi digle yi ak lu jëm ci soreel njur ;

c) Jot ci lépp lu ñuy tëral ngir jàppale njaboot gi ;

d) Jot ci wépp xeetu tàggat ak njàng, moo xam ca lekkol ba mbaa déet, ba ci alfabetisasyoŋ bu ñuy jëfandikoo, ak mën a jot ci lépp lu askan wi aajawoo ak luy siiwal, rawatina ngir yokk seeni mën-mën ñeel xareñ ;

e) Taxawal ay kureeli dimbalante ak jàpplante ngir yemale wërsag yi ci wàllu koom, moo xam ci liggeey bu ànd ak pey mbaa bu sa bopp ;

f) Bokk ci yëngu-yëngu yépp rawatena yu askan wi ;

g) Mën a jot ci koppar yi ñuy leble ak yi ñeel mbey mi, na ka noonu ak ci njënd ak njaay mi ak ci jumtukaay yu xereñ ya mu laaj, dolli ca jot ni ki góor ñi ci coppite yi am ci yorinu suuf si ak mbey mi yi ak porose yi aju ci ni ñuy doxale kaw gi ;

Mën a jot ci leblem koppar mi ak abalem xaalis mu jëm ci mbey mi, ci jumtukaayi njend ak njaay mi, ak ci xarala yu yees yi ñu méngool

h) Jot ci dundin wu jaar yoon, rawatina ci dëkkuwaay, cellal, jot ci kuraŋ ak ndox, ci yi ñuy jëfandikoo ci dem bi ak dikk bi ak jokkoo gi.

ÑEENTEELU XAAJ

Dog 15

1. Réew yi mànkoo dañuy nangul jigeen ak góor ñu yem ci kanam yoon.

2. Réew yi mànkoo dañuy nangul jigeen, ci lu jëm ci kayit, sañ-sañ dem ci yoon bu bu yem ak bu góor ak ay mën-mën ngir doxal sañ-sañ boobu. Dañu leen di nangul àq yu tolloo yu aju ci caytug alal teg ca yemale àtte yi ci fu ñu tollu ci doxaliuu yoon.

3. Réew yi mànkoo, dañuy déggoo ci ne bépp lëkkaloo ak beneen jumtuwaay bu dul bu nguur gi, ak ci xeet wu mu doon, te mu jëm ci wàññí sañ-sañi jigeen ci wàllu yoon, dañu leen a war a far.

4. Réew yi ci mànkoo, dañuy nangu yémale wareefi góor ak jigeen jëm ci àtte bi aju ci sañ-sañu dem ak dëkk fu nek.

Dog 16

1. Réew mànkoo dañuy jël matuwaay yi war ngir far ngënaatle digante góor ak jigeen, ci lépp luy jóge ci séy, lëkkaloo digante njaboot yi, fexe ba góor ak jigeen yem ci :

a) Am sañ-sañu dugg ci séy ;

b) Am sañ-sañu tànn ni mu la soobe ki nga bëgg a séyal ak dugg ci néegu séy ni mu la neexe ;

c) Am sañ-sañ ak mën-mën ci biir séy ak génn ci séy ;

d) Am sañ-sañ ak cér ni bépp wayjur, ak fu mu tollu ci séy, ci lépp lu jëm ci seeni doom; ci anam bu mu mën a doon, njariñu xale yee ciy jiitu ;

e) Am sañ-sañ am limu doom bu soobe ak bu ñu sorel njur, jot ci bépp xibaar, ci njàng mi ak jumtukaay yi mu laaj ngir mën jëfe sañ-sañ yooyu ;

f) Am sañ-sañ ju jëm ci kilifteef, pacc, yar ak péeteg xale yi, wala yeneen kureel yu mel noonu, su fekke baat yooyu am nañu ci yoonu réew mi: ak lu mën a am, njariñu xale yee njiitu;

g) Yemale sañ-sañi boroom kër ak soxnaam, boole ci tànnug sant, liggeey ak yëngu-yëngu ;

h) Yemale sañ-sañ kenn ku ne ci way-dencante yi jëm ci am-am, jot, caytu, doxalin, jot ci alal, moo xam lu ñu maye walla lu jënd.

2. Yemale sañ-sañ kenn ku ne ci way-deñcante yi jëm ci am-am, jot, caytu, doxalin, jot ci alal, moo xam lu ñu maye walla lu jënd.

JUROOMEELU XAAJ

Dog 17

1. Ngir seet jéego yi ñu jot a def ci kayitu déggoo gii, taxawal nañu kureel guy xeex ñàkk yemale jigeen ak góor (ci kanam kureel googu) ; te ñi ci bokk, bi ñu koy tàmbalee jëfe tollu ci 18 Réew, ak ginnaaw bi ko 35eelu Réew mi xaatimee mbaa mu bokk ci, 23 nit yu xereñ ñu bokk kureel gu mag te am xam-xam ci doxalinu déggoo gii. Ñu xereñ ñooñu ñu seen réew a leen tànn ca ña bawoo ca ñoom te bokk ca ñay teewal seeen bopp, te sukkandikku ci céddale mu jaar yoon jëm ci dëkk yi ci askan ya ak ci sàrti réew yi.

2. Ñay bokk ca kureel googu ñu ngi leen di tànn ci kump, ci ay tur yu réew ñi mànkoo joxe. Réew mu nekk mën a joxe ben doomam bu bokk ci ñi ñuy tànn.

3. Pal gu jëkk gaa ngay am 6 benni weer ginnaaw ba déggo gii tàmbale dox. Ñetti weer gën gaa néew laata bés bi ñu jàpp pal mu ne, Njiitu Kurelu mbootaayu xeet yi dina yónnee bataxal réew ya ca bokk yépp ngir sàkku ñu jébbal ko ñay bokk ca jongate ba ci diirub ñaari weer. Njiitu Kurelu mbootaayu xeet yi dina taxawal ci ni araf yi toppantee turi ña réew yépp yónnee ba noppi siiwal ko ca Réew yi mànkoo.

4. Palug ña ñu tànn mu ngay ame ca menn ndajeem Réew ya ca bokk te Njiitu Kurelu mbootaayu xeet ji woote ko ca ab daloom. Ca ndaje mooma, te la ëpp ca ñay teew war a tollu ci ñaari pàcci ñetti xaaju réew ya, ca la ñuy fal ña bokk ca Kureel ga, ña ëpple ay baat ak ña ëpp su dee téemeer boo jël ca ña fa taxawal réew yi mànkoo, te bokk ci ñiy tànn.

5. Ña ñu fal ca Kureel ga, diirub ñeenti at lañ fay toog. Du tee palug juroom-ñeenti ndaw ya ñu faloon ca joŋante bu jëkk ba mu ngiy jéex ci diirub ñaari at: Su ñu amale pal gu jëkk gi rekk Njiitu Kureel gi ci lay daldi tànn juroom-ñeenti ndaw yi.

6. Palug juroom yeneen yi ñu toftal ci kureel gi mu ngiy am ci anam yu dëpoo ak pàcc 2, 3, 4 ci sàrt bii ba ñu 35eelu réew ma ca bokk. Diirub palug ñaar nit ya ñu ca yokk ngay jeex ca diirub su ame ñaari at: Njiitu Kureel gi mooy tànn tuuri ñaar ñooñu.

7. Ngir mottali toogu yi amul kenn ku fa nekk, Réew ba ca bokk ca te ndawam yëngootul ca Kureel ga dina tànnaat beneen boroom xam-xam ca ña ko fa taxawal, di néggandiku nag Kurel gi nangul ko ko.

8. Ña bokk ca Kureel ga su ko ndajeem Mbootaay xeet ya dëggale, dina ñu jot ay dàmppaay yu ñuy génne ci xaalisu Kureelu Mbootaayu xeet ci anam yu dëppook sàrt ya Ndaje mi tëral te lal ci tolluwwayu liggeeyu Kureel giité.

9. Njiitu Mbootaayi Xeeti dina jox Kureel gi, la mu soxla ci ay liggeeykat ak jumtukaay yi ñu soxla ngir def na mu ware liggeey yi ñu leen dénk ci Déggoo gii.

Dog 18

1. Réew yi ci mànkoo di nañu jébbal Njiitu Kureelu Mbootaayu xeet gi, ngir Kurel gi joxe ci xalaatam ag tënk gu ëmb matuwaay yu jëm ci wàllu àtte, yoon, doxalinu nguur mbaa leneen yu ñu jël ngir doxal sàrti Déggoo gii ak jéego yi ñu def :

a) Ci at ma topp ca ba ñu tàmbalee doxal Déggoo gii réew ma mu soxal :

b) Teg ca ñeenti at yu nekk, ak su ko Kureel ga sàkkoo.

2. Tënk yi, mën nañu fésal jafe-jafe yi mën indi coppite ci dogal bi ñu ci wareef yi tëral ci Déggoo gii.

Dog 19

1. Komite gi dina sàmp ay sàrtam.

2. Komite gi dina fal biro buy ligeey ñaari at.

Dog 20

1. Kureel gi dinay amal ndaje at mu ne ngir saytu tënk yi ñu ko yónne na ko dog 18 gu Déggoo gii tërale. Ndaje moomu dief ñaari ayu bés gën gaa bari.

2. Ci yoon, ndajey Komite baa ngiy am ca daluwwaayu Kurelu Mbootaayu xeet yi wàlla beneen béreb bu baax bu Komite ngi tànn.

Dog 21

1. Komite gi dina yegge Kurelu Mbootaayu xeet yi, jaarale ko ci Kurel giy saytu koom ak askan wi, la mu jot a liggeey; te mën na it joxe ay pexe mbaa digle yu sukkandiku ci càmbarug tënk yi mbaa ci xibaar yi ko Réew yi mànkoo jébbal. Xalat yooyu ak tegtal def nañu ci tënku Komite, ànd ak gis-gisi Réew yi mànkoo.

2. Njiitu Kureelu Mbootaayu Xeet yi dina jébbal tënki Komite bi Kureel gi dénk nekkinu jigeen ngir mu xamal.

Dog 22

Kureli nguur yi ñu tànn am na ñu sañ sañu ut ku leen teewal ci ndaje mi ñuy tërale wépp doxalin bu aju ci Déggoo gii te mu dëppoo ak seeni yëngu-yëngu. Komite bi mën na sant kureli nguur yi ñu joxe ay tënk ci jëfandikoog Déggoo gii ci fànn yi aju ci seeni yëngu-yëngu.

JUROOM-BENNEELU PÀCC

Dog 23

Amul benn doxalin ci Déggoo gii buy nasaxal jumtuwaay yi gën a baax ngir doxal yémale jigeen ak góor te ñu mën leena tënk ci :

a) Ci yoonu réew, mbaa

b) Ci geneen déggoo, mbaa geneenug mànkoo gu mu mënti doon gu bitim réew gu ëuy doxal ci réew mi.

Dog 24

Réew yi mànkoo dinañu jël matuwaay yi war yépp ci biir réew mi ngir doxal bu baax àq yi ñu nangu ci Déggoo gii.

Dog 25

1. Déggoo gii, Réew yépp koy xaatim.

2. Njiitu Mbootaayu Xeet yi moom la ñu tànn ngir mu boot Déggoo gii.

3. Déggoo gii war nañu ko dëggal te jumtukaay yi koy firndeel ñu ngi koy jébbal Njiitu Mbootaayu Xeet yi.

4. Déggo gii dinañu ko ubbil réew yépp ngir ñu ànd ci. Ànd gi mu ngi ame ci njébbalug Njiitu Mbootaayu Xeet gi kayitu bokk.

Dog 26

1. Réew mu ci ànd mën a laaj, saa su nekk ñu xoolaat Déggoo gi ci kaw mu yónnee bataaxal Njiitu Mbootaayu Xeet yi.

2. Ndaje mu mag mu Mbootaayu Xeet yi mooy jël dogal ci laaj yu mel noonu.

Dog 27

1. Déggoo gii dina ñu ko tàmbalee wëyal fanweeri fan gannaaw bés bi ñu joxee Njiitu Mbootaayu Xeet yi ak ñaarfukkeelu kayitu dëggal walla gu ànd gi.

2. Mépp réew mu xaatim Déggoo gii walla mu ànd ci gannaaw bamu joxee ñaarfukkeelu jumtukaayu dëggal bi, Déggoo gii day tàmbali fanweeri fan gannaaw joxeem kayit googu.

Dog 28

1. Njiitu Mbootaayu Xeet yi dina xamal réew yépp li ñu àttetëral ba ñuy dëggal Déggoo gii ak di ko nangu.

2. Duñu nangu benn xeetu xaarandi bu dëppoowul ak solo Déggoo bi ak jëmoom.

3. Jukki xaarandi yooyu mën nañu leen a dindi saa su ñu ko bëgge ci kaw ñu jébbal bataaxal Njiitu Mbootaayu Xeet yi. Njiit loola moo kay yëgal réew yépp yi bokkoon taxawal Déggoo gi. Bataaxal bi dina tàmbalee wëy ca waxtu wa ñu ko jote.

Dog 29

1. Bépp jafe-jafe bu am diggante ñaari réew yu bokk ci Déggoo gi mbaa lu ko ëpp ci lu jëm ci leeral mbaa jëfe Déggoo gii te mënu ñu koo lijjanti ci waxtaan dañu koy yóbbu ci kaw ñu àtte leen su ko kenn ci ñoom sàkkoo. Su fekkee ci biir juroom-benni weer yi topp ci bés bi ñu laajoon ñu àtte leen, déggoo amul ci seen biir ci ni àtte bi war a tëdde kenn ku mu doon ci ñoom mën na jël dogalu yobbu àtte bi ci Ëttu àttekaay bi gëna kawe ba ca bitim réew ci kaw mu jébbal leen bataaxal bu mengo ak sàrti Ëtt bi.

2. Mépp réew bu ci bokk mën na su deme bay xaatim Déggoo gii, di ko dëggal mbaa mu di ci ànd, mu wax ne àndul ci dogal ya ñu jëloon ca pàcc 1 wu dog bii. Yeneen réew yi mànkoo tamit yooyu dogal du leen boole ak réew mu wax lu mel noonu.

3. Mépp réew mu jot a joxe bataaxalu ndekandiku bu mengook dogal yi ñu jëloon ci pàcc 2 bu dog wii mën na saa su ko neexe mu dakkal ko ci kaw mu bind bataaxal Njiitu Mbotaayu yu Xeet yi.

Dog 30

Déggoo gii nga xam ni mbindam ci àngale, araab, español, farañse, ak riis lu ñu dëggal la, dinañu ko teg ca loxoy Njiitu Mbootaayu Xeet yi.

Direction de l'Équité et de l'Egalité de Genre,
sis au Point E, Rue B x Avenue Cheikh Anta Diop
Tél. : 33 825 96 36 - Fax : 33 825 96 31
www.directiongenre.com

Projet d'Appui à la Stratégie Nationale pour l'Equité
et l'Egalité de Genre (**PASNEEG**)
Rue Aristide Le Dentec x Pierre Million
Tél. : 33 889 25 80 - Fax : 33 842 91 89